Район ГIуцIаралдасан 90 сон
Гъачагъал 20
шушахъ риххизарураллдасан

Ассаламу гIалайкум!

ГЬУДУЛЛЪИ ДРУЖБА

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

БОЛЬИХЪ РАЙОНАЛЬУЛ ГАЗЕТА

№ 39-40 (10040-10041) | 2 август | Рузман | 2019 сон

ГIАНДАЛ КЬВАРУН ЧIАНА КЬУРУЛ СИРТ ГIАДИН

ГIамал-гIадат релъ-лъарал мадугьалзаби рукIиналъги, гьоркьоса къотIичIого тIадегъоркье щвеялъги батилаха, чачаназулги гIандадерилги кидаго



лъикIаб гьоркьоблъи букIана.

Чачаналда рагъ ккараб мехалдаги бищунго цебе кумекалъулаб квер бегьун букIана мадугьалзабазе гIандадерица. Нагагьги рукъ букIун батиларо доб мехалда гIандадерил росабалъ, жидерго росу-ракьги, боцIи-панзги рехун тун лъутизе ккарал чачаназул хъизанал къабул гьаричIеб, лъималазе, херазе хинлъи кьечIеб. ХIатта, цо-цо гIандадерил гIолохъаби, Чачаналъеги ун, рагъдацин гIахьаллъана.

Гьеб киналъухъго кидаго кIочонареб кIудияб «баркала» кьуна мадугьалзабаз гIандадерие.

Дагъистаналде тIаде кIанцIаразда гьоркьор чачанал гьечIин, жидеда гIадада гIайиб чIвалеб бугин Масхадовас маргьаби цIалкIаниги, Болъихъ районалде чабхъен гьабурал чагIи аслияб къагIидаялда Чачан миллаталъул рукIана. БитIараб буго гьезда гьоркьор дагъистаниялги рукIана, амма августалдаса нахъе, дозул я ватIан, я миллат, я намус хутIичIо. Хаттаб чIаго-гIатIго хутIани, Иорданиялде айин абе тIаждаеги магжиеги хъулухъ гьабизе.

Районалдаго рокьукъаб хабар тIибитIараб доб августалъул къоялъ ГIанди мухъалъул гIадамаз, жиде-жидер росабалъ жамагIатги ракIарун, гьоркьоб лъуна: «Щиб нилъеца гьабилеб?»-абураб суал.

Гьай-гьай, рукIана, батIи-батIиял пикраби, амма ахиралда рачIана цойиде: ахирисев чи хутIизегIан гIагараб ракь цIунизе. Гьединабго хIукму гьабун бугоан бищунго гIагарда ругел мадугьалзаби-Гумбет районалъул цIилкьадерицаги. Бугес бугеб кьвагьулеб жоги босун, хIинкъи цIикIкIараб рахъалдехун къокъана гIандал. ТIоцебесеб сордоялъ кинабгIаги тунка-гIунси ккечIо. ТIасияб къоялъ рукIана Хункарпаша ИсрагIиловасулгун ва Ширвани Басаевасулгун гара-чIвариял.

-Байбихьуда гьез гьарулеб букIана квал-квал гьабичIого, коридорги кьун, жал Мунирехун риччайилан. ГIандадерил росабалъе рачIинарилан рагIиги кьолеб букIана,-ян бицунеб буго гара-чIвариялда гIахьаллъаразул цояв, Гъагъалъ росдал жамагIатчи Исламов Арзулумица.-Тункагъунси, гъалмагъир гьечIого нужехъа рорчIани, бащдаб къоялда жанир жал Буйнакскиялда парахалъилилан рещцарулелги рукIана гьел. Нижер изну гьечIого лъицаниги хIетIе чIеларин гIандадерил ракьалдайилан жаваб кьедал, жал къуваталдалъун цере ине ругилан. Къуръаналда кверги чIван, гьедун ругилан хехдаризе лъугьана чачаназул командирзаби. ГIагараб ракь цIунизе ниж гьедизецин кколарин нужецаго бажарараб, кIвараб гьабейиланги абун, ниж нахъе рилълъана.

ГIандадерица «къвал бан» къабул гьарилин ракIалде ккун букIарал чачаназул хъачагъазул хьулал хIорлъана. Хадуб байбихьана унго-унгоял тунка-гIунсиял, тIаде кIанцIиял.

Бищунго захIматаб рагъ ккана гъагъадерида тIадехун бугеб «Онщилъгъун» абураб магIарда.

Гьанжесеб заманалъул яргъид кьабун цIурал хъачагъалги, автоматалги тункIалтунчулги гурони гьечIел гIандадерил ополченцалги цо къоялъ цоцада данде рагъана.

Бицунеб буго гьеб рагъда гIахьаллъарав Гъагъалъ росулъа Шамхалов Рамазаница:

-МаркIачIул бер рукIкIараб гIадаб мех букIана. Ракун рачIана хъачагъал. БачIинахъего кIийиде рикьана гьел. Цоял ЧитIу абулеб бакIалдаса РикIванирехун, цогидал ТвалкIун абулеб бакIалдаса Гъагъалъехун.

Кьвагьулеб жо щолареб гIадаб бакIалда рукIиналъги батила, кутакалда ракIчIун, инсул рокъор гIадин рукIана хъачагъал.

Гьезда гьоркьоса кIигояв, батIаги чIун, тIагъралги рахъун «Аллагьу акбарилан» ахIдезе журана. Ополченцазда цадахъ рагъулел рукIарал ОМОНалъулазул снайперас цо бер къанщилалде ракьалда лъуна «исламалъул рагъухъаби».

(Ахир 5 гьум.)

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 30 июля 2019 г. №21
с. Ботлих

О назначении публичных слушаний по проекту отчета об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2018 год

В соответствии со ст. 30 Положения о бюджетном процессе в муниципальном районе «Ботлихский район», утвержденного решением Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 10 августа 2017 г. № 2, постановляю:

1. Назначить публичные слушания по проекту отчета об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2018 год на 20 августа 2019 года, 10.00 часов, в зале заседаний администрации муниципального района «Ботлихский район» по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130.

2. Для подготовки и проведения публичных слушаний создать оргкомитет в следующем составе:

Муслимов З.М. – начальник УФ и Э администрации МР «Ботлихский район»;

Хайбулаев Х.А. – начальник отдела по УМИ и З администрации МР «Ботлихский район»;

Газимагомедов М.А. – ведущий специалист отдела экономики УФ и Э администрации МР «Ботлихский район»;

Дибиров Ш.З. – главный специалист ОПО администрации МР «Ботлихский район».

3. Установить, что предложения граждан по проекту отчета об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2018 год направляются в оргкомитет по подготовке и проведению публичных слушаний с 30 июля по 20 августа 2019 года включительно, в рабочие дни с 9.00 до 16.00 часов по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130, здание администрации МР «Ботлихский район», 2 этаж, каб. отдела экономики УФ и Э АМР «Ботлихский район». Предложения граждан по проекту отчета об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2018 год принимает Газимагомедов Магомед Абдулатипович.

4. Признать утратившим силу постановление администрации МР «Ботлихский район» от 24.04.2019 № 10 «О назначении публичных слушаний по проекту отчета об исполнении бюджета муниципального района «Ботлихский район» за 2018 год».

5. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Гьудуллъи-Дружба» и разместить на официальном сайте МР «Ботлихский район» в сети Интернет.

Глава района М. Патхулаев

Решение №1

двадцать седьмой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» шестого созыва

от **30 июля 2019 года** **с. Ботлих**

О внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» «О бюджете МР «Ботлихский район» на 2019год и на плановый период 2020-2021годов»

Рассмотрев представленный главой АМР «Ботлихский район» проект решения о внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «О бюджете МР «Ботлихский район» на 2019 год и на плановый период 2020 – 2021 годов» от 27.12.2018 год № 1 Собрание депутатов муниципального района решает:

1.Внести изменения в решение Собрания депутатов МР «Ботлихский район» «О бюджете МР «Ботлихский район» на 2019год и на плановый период 2020-2021годов» от 27.12.2018года №1 согласно приложениям №1-4.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Гьудуллъи-Дружба».

Глава
муниципального района **М. Патхулаев**

Председатель
Собрания депутатов **М. Омаров**

Приложение №1
к решению Собрания депутатов
МР "Ботлихский район"
от 30 июля 2019 г №1

Наименование показателя	Код дохода по бюджетной классификации	Всего (уточненный план).	Утвержден о по бюджету на 2019 г	Изменения	
				Уменьшит ь	Увеличить
1	2	3	4	5	6
Неналоговые доходы	165 114 02052 05 0000 140	**6 510**	4 510	0	2 000
УСН	182 105 01000 05 0000 110	**7 450**	5 950	0	1 500
Итого:		**13 960**	**10 460**	**0**	**3 500**

Решение №3

двадцать седьмой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» шестого созыва

от 30 июля 2019 года **с. Ботлих**

О внесении изменений в решения Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 28 декабря 2017 г. № 4 и
от 29 марта2012 г. № 7

В соответствии со статьями 23, 24 Федерального закона от 2 марта 2007 г. № 25-ФЗ «О муниципальной службе в Российской Федерации», статьями 23 и 24 Закона Республики Дагестан от 11 марта 2008 г. № 9 «О муниципальной службе в Республике Дагестан», Законом Республики Дагестан от 8 апреля 2008 г. № 18 «О государственных должностях Республики Дагестан» и Законом Республики Дагестан от 11 октября 2010 г. № 55 «О пенсии за выслугу лет лицам, замещавшим должности государственной гражданской службы Республики Дагестан» Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район» решает:

1. Внести в Положение о порядке установления, выплаты и перерасчета размера ежемесячной доплаты к пенсии лицам, замещавшим муниципальные должности муниципального района «Ботлихский район», и пенсии за выслугу лет лицам, замещавшим должности муниципальной службы муниципального района «Ботлихский район», утвержденное решением Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от 28 декабря 2017 г. № 4, следующие изменения:

1. В пункте 3 слова «от одного до трех лет в размере 45 процентов» заменить словами «от одного до трех лет -55 процентов», слова «от трех до шести лет – 55 процентов» заменить словами « от трех до пяти лет – 75 процентов», слова «от десяти до пятнадцати лет – 85 процентов» заменить словами «от пяти до восьми лет- 85 процентов», слова «от пятнадцати лет и более – 95 процентов» заменить словами «от восьми лет и свыше -95 процентов».

Пункт 3 дополнить абзацем следующего содержания:

«Минимальный размер пенсии за выслугу лет не может быть ниже размера фиксированной выплаты к страховой пенсии по старости, установленной частью 1 статьи 16 Федерального закона «О страховых пенсиях».

2. Внести в Решение Собрания депутатов муниципального района от 29 марта 2012 года №7 «Об оплате труда лиц, замещающих муниципальные должности и должности муниципальной службы муниципального района «Ботлихский район» следующее изменение:

Пункт 1.3 дополнить словами следующего содержания:

«премии - из расчета 3-х денежных вознаграждений в год».

Глава
муниципального района **М. Патхулаев**

Председатель
Собрания депутатов **М. Омаров**

Решение №4

Двадцать седьмой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» шестого созыва

от 30 июля 20I9 года с. Ботлих

Об установлении официального гимна муниципального района «Ботлихский район»

В соответствии с Федеральным законом от 06.I0.2003 г. N I3I-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации" и Уставом муниципального района «Ботлихский район» Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район» решает:
1. Утвердить Положение о гимне муниципального района «Ботлихский район» (Приложение №I).
2. Утвердить текст и музыкальное сопровождение гимна муниципального района «Ботлихский район». (Приложение №2.)

Глава
муниципального района М. Патхулаев

Председатель Собрания депутатов М. Омаров

Приложение №I
к решению Собрания депутатов
МР «Ботлихский район» от 30.07.20I9 г. №4

ПОЛОЖЕНИЕ
о гимне муниципального района «Ботлихский район»

Настоящим Положением устанавливается гимн муниципального района «Ботлихский район» (далее по тексту - Гимн), его статус, описание и порядок официального использования.

I. Общие положения

1.1. Гимн является официальным символом муниципального района «Ботлихский район», отражающим единство его территории, исторические, культурные, социально-экономические и иные местные традиции.
1.2. Гимн представляет собой музыкально-поэтическое произведение, исполняемое в случаях, предусмотренных настоящим Положением.
1.3. Гимн муниципального района может исполняться в оркестровом, хоровом, оркестрово-хоровом либо ином вокальном и инструментальном варианте. При этом могут использоваться средства звуко- и видеозаписывающей аппаратуры, а также средства теле- и радиотрансляции.
1.4. Гимн должен исполняться в точном соответствии с утвержденным данным Положением текстом и музыкальной редакцией. В отдельных случаях допускается исполнение и воспроизведение гимна в варианте без припева.

2. Порядок официального использования Гимна

2.I. Гимн исполняется во время торжественных церемоний и иных мероприятий, проводимых органами местного самоуправления:
- при вступлении в должность Главы муниципального района «Ботлихский район»;
- при открытии первого и закрытии последнего заседания Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» очередного созыва;
- во время церемоний официальных встреч с высшими должностными лицами субъектов Российской Федерации и прочими почетными делегациями, а также во время церемоний встреч и проводов делегаций, посещающих муниципальный район «Ботлихский район» с официальными визитами.

2.2. Гимн также может исполняться:
- при открытии памятников, мемориальных досок и памятных знаков, имеющих муниципальное значение или воздвигнутых на средства муниципального бюджета, а также по инициативе органов местного самоуправления муниципального района «Ботлихский район»;
- при открытии и закрытии торжественных собраний, посвященных знаменательным датам муниципального района «Ботлихский район»;
- при процедуре присвоения звания «Почётный житель Ботлихского района» и при вручении наград района;
- при открытии и закрытии праздничных, торжественных, протокольных и иных мероприятий, в том числе в дни официальных праздников и памятных событий, проводимых администрацией и органами местного самоуправления муниципального района «Ботлихский район»;
- при проведении официальных церемоний во время спортивных соревнований на территории Ботлихского района и за его пределами, в соответствии с правилами проведения этих соревнований.

2.3. Иные случаи исполнения Гимна устанавливаются главой муниципального района «Ботлихский район».
2.4. В случаях, когда федеральным законодательством и законодательством Республики Дагестан предусмотрено исполнение Государственного гимна Российской Федерации, гимна Республики Дагестан, Гимн исполняется после них.
2.5. Гимн может транслироваться средствами местного телевидения и радиовещания.
2.6. При официальном исполнении Гимна присутствующие выслушивают его стоя, мужчины - без головных уборов.

3. Ответственность за нарушение настоящего Положения
3.1. Надругательство над Гимном, а также использование Гимна с нарушением установленного Порядка влечет административную ответственность в соответствии с законодательством Российской Федерации.
3.2. Ответственность за соблюдение установленных данным Положением требований при исполнении Гимна несут руководители органов местного самоуправления, предприятий, учреждений и организаций, проводящих соответствующие мероприятия.
4. Заключительные положения
4.1. Настоящее Положение вступает в силу со дня его официального опубликования.
4.2. Все изменения и дополнения в настоящее Положение вносятся решением Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район».
4.3. Контроль за исполнением настоящего Положения осуществляет администрация муниципального района «Ботлихский район».

Приложение №2
к решению Собрания депутатов
МР «Ботлихский район»
от 30.07.2019 г. №4

Гимн муниципального района «Ботлихский район»

I. Текст гимна (стихотворение К.Х. Амирханова).
Рорхатал мугIрузда эркенаб район
ГIажаибго берцин бихьула Болъихъ.
Дур мугIрузда ахал, цIоморал иццал,
Лъалищ, кинацаго беццула Болъихъ?

Дур мугIрузда гIияхъ, гIалхуда боцIухъ,
Бер гIорцIулеб гьечIо хал ккун рукIине.
Дур гьалагал гIорал, тIагIамал пихъал,
Бихьизе бокьарал рачIа Болъихъе.

Припев
Лебалал васал, берцинал ясал,
Шамилил наибал жаниб гIураб ракь.
Гьалбал хирияб халкъги разияб
Бихьизе бокьарал рачIа Болъихъе.

Дур мугIрул, дур къвакIи лъала лъидаго,
Гьеб такрар гьабула нижер цIумаца.
Россиягун цолъи цIунизе кIвараб
ТIолго дунялалда лъала мун, Болъихъ.

Дур гучаб тIабигIат тIатун букIине,
Дур гвангъараб бакъухъ халккун рукIине.
Дун чIчIола вакиллъун дур цIаралдаса,
АхIула киналго рачIа Болъихъе.

Припев
Лебалал васал, берцинал ясал,
Шамилил наибал жаниб гIураб ракь.
Гьалбал хирияб халкъги разияб
Бихьизе бокьарал рачIа Болъихъе.


Рор - ха - тал мугI-руз - да эр - ке - наб рай - он
гIа - жа - иб - го бер - цин бихь - хьу - ла бо -
лъихъ.
Дур мугI - руз - да а - хал цIо - ро - рал ци - цал


лъа-лиш ки - на - ца - го бец - цу - ла бо -
лъихъ.


Ле - ба - лал ва сал
бер - ци - нал я - сал
ца - ми - лил на - и - бал жа - ниб гIу - раб


ракь. Гьал - бал хи - ри -
яб халкь - ги ра - зи -
яб. Бихь - хьи - зе бо - кьа - рал


ра - чIа бо - лъи - хъе,

ГIАНДАЛ КЪВАРУН ЧIАНА КЬУРУЛ СИРТ ГIАДИН

(Авал 1-себ гьум.)

Хъачагъал кьвагьдолаго церехун рачIунел рукIана. Данде ополченцазги кьвагьана бугеб-гьечIеб яргъидаса. Ккана кIудияб кьвагьа-гIанхъи. ЛъикIаланго бецIлъана дуниял ва бихьулеб жо букIинчIо. ЦIакъго дагьал жал хутIун рукIана канлъи бихьизе ракулел ракетабиги. Росулъе хабар битIана хехго машинабазул бурдул ритIеян. Гьел къваригIун рукIана ракетабазул бакIалда канлъи бихьизабизе ракизе. ТалихIалъ хеккого росун рачIана гьел. ЦIаги лъун, рехехун гиризарулаан ва гьеб канлъухъе кьвагьдезеги кьвагьдолаан.

СагIат 12 тIубазегIан гьоркьоса къотIичIо кIиябго рахъалдаса цоцаде кьвагьдей. Жидеде дандечIей гьабиялде ругьунлъичIел ва Россиялъул армиялъ дагьалго реэдарал чачаназда гъоркь битIахъе ракь гьализабулеб букIана гIандадерица.

ГIадада гуро тIасияб къоялъ Ширвани Басаев Шамилихъе рациялдасан: «Дунялалда бугебщинаб тIухьи бана тIаса гъоркье нижеде гIалхулал гIандадерица»,-йилан кIалъарав.

18 чи чIвана тушманасул ва гIемерал лъукъа-къотIана.

Гьенив лъукъана ва хадув больницаялда хвана, жиндир рухI алжаналъуб батаяв, бахIарчияв гIолохъанчи Бекмирзаев ГIусманги.

Хадубги чанго хIалбихьи гьабуна хъачагъаз рагъги гьабун цебехун нух бахъизе, амма гьел мурадалде щвечIо. РикIвандерил гIолохъабазулгун букIараб кьвагьа-гIанхъиялдаги лъикIалан ками ккана ахIичIого рачIарал гьалбадерие. Хвезабуна техникаги, гьездаго гьоркьоб зениткаги.

ГIанди росдаде тIадехун бугеб, Харами габурлъиялда ккараб хIалуцараб рагъда гьеб росдал гIолохъабазги федералазги ракIалдаса унареб кьаби щвезабуна Чачаналъа хъачагъазда. 28 чи чIвана, гIемерал лъукъана, цо жасус кверде восана, бахъана кIиго автомашина, гьелдаса цояб яргъид цIураб. Жалго хъачагъаздаги гIорхъи-мухъ тезабуна.

Харами габурлъи абуни букIана тушбабазе бищунго кIвар бугеб бакI: гьениса хъатиниб лъураб гIадин бихьулаан гъоркьехун ругел росабалъ бугеб багъа-бачари, гьенисан букIана Болъихъ районалдехун шагьранух. Гьеле гьеб «гIумрудул нух» къотIизабидал кIвана рагъги бергьенлъиялда лъугIизабизе. Щай гурелъул Шамил Басаевасе кумекалъе гьеб нухдасан тIокIаб биччачIелъул ярагъги техникаги.

Гьеб рагъулъ щварал ругъназдаса хадув хвана бахIарчияв гIолохъанчи Расулов Муртуз. Хадур ккарал тунка-гIунсиялда нилъедаса ратIалъана Гъагъалъ росулъа цIа гIадал гIолохъаби ГIабдулхIакимов Исрапил, ИсмагIилов ИсмагIил, ИсмагIилие кьуна (хун хадуб) Бихьинчилъиялъул орден. Гьел киналго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал шагьидзабазул Аллагьас мунагьал чурун ратаги.

-Щокъробе щвезегIан ярагъги, гулла-херги, рагъул кIудияб хIалбихьиги бугел тушбабазул чанго гьужум нахъчIвазеги, гьезие церехун ине нух къазеги кин кIвараб тунчулги тункIалги автоматалги гурони гьечIел чагIазда?-йилан чанго чияца дие кьураб суалалъе цого жаваб кьуна гIадамаз.

-Яргъил иш хIакъикъаталдаги квеш букIана, - ян мукIурлъана ГIанди участкаялъул ополченияльул штабалъул нухмалъулев, Хасавюрт ГОВДялъул начальник подполковник ГIумахан ГIумаханов.-ГIандадерица тушман къезавуна жидерго гIорхъолъа борчIараб къвакIиялъги, къуркьи гьечIолъиялъги.

Дир бадиса магIу чвахулеб букIана ракьцоязул бахIарчилъиялдаса вохиялъ ва чIухIиялъ. Гьадин ургъараб мехалъ, дол балагьал къояз гIандадерица гIицIго жидерго росаби гуро цIунарал, гьез цIунана Дагъистан.

Чанго рагIи абичIого гIоларо живго ГIумаханил хIакъалъулъги.

Рагъ байбихьизе кIиго къоялъ цеве гьев, отпускаялда вугев чи, унтарай эбелгун хъизанлъималгун Железноводскиялде ун вукIана. Дове щун вахъиналдего тIад вуссинеги ккана. Росабазул жамагIатаз гьесда тIадкъана ГIанди участкаялъулго ополчениялъе нухмалъи гьабизе. РитIухъ гьабуна ГIумаханица гIадамазул божилъи, тушбабазда росаби рахъизени киб гурин, росабазде аскIоре къазецин кIвечIо. ГIумахание тIабигIаталъго кьураб къвакIиги, къо ккараб бакIалда иш тIубазе бугеб бажариги, нахъе къай гьечIолъиги-гьеб кинабго цогидазеги лъикIаб мисаллъун букIана рагъда.

КигIан хIинкъи цIикIкIараб мехалдаги, цIа боркьарал рагъал унелъулги цохIониги гIандисес-я гьитIинас, я кIудияс, я руччабаз жидерго росу-ракь течIо.

Бокьун буго рагъулъ бахIарчилъи бихьизабурал цIарцIар ккун рехсезе.

Гьел ккола рикIвандерил ополчениялдаса Нуцалханов Асламхан (командир), Къудбудинов ГIабдулкарим, Мамедов АхIмад, ГIубайдулаев МикагIил, вацал Надирбеговал, гъагъадерил ополченцал-СагIидбегов Асилдер, Насрудинов ШагIбан, Сулейманов Сулейман, пенсионер ГIандалаев Якъуб, Зубаиров Абу-Бакар, ГIалиев Карим, Темирсултанов Садула ва цогидалги.

Дида гIандадерил жамагIатаз цIакъ гьарана МахIачхъалаялъул ОМОНалъулав, Хив районалдаса табасаранав Шамсудиние гьесул къвакIиялъухъ ва хIинкъикъай гьечIолъиялъухъ газеталдасан кIудияб баркала кьейилан.

Аза-азар баркала загьир гьабулеб буго гIандадерица жидее кванил нигIматаздалъун ва цогидалдалъун кумек гьабурал гIемерал дагъистаниязеги. Гьездаго гьоркьоб республикаялъул бетIерав хирург Мажид ГIалиевасе (ГIанди-Гъагъалъе 30 азарго гъурщиде дараби-гун вачIарав), Гьизилюрт райадминистрациялъул бетIер М. Дадаевасе ва районалъул бетIерав тохтурасе (10 азарго гъурщиде дараби ритIарал), республикаялъул ва районазул министрзабазул ва ведомствабазул гIемерисел нухмалъулезе.

…Болъихъ районалдаса хъачагъал нахъе хъамуна, гьениб рагъул гъугъай гьоркьоб къотIана. Амма лъида кIолеб гьеб заманалъулаб сихIкъотIи гурилан абизе. МагIарухъа нахъе хъамуна, гIатIиракьалда тIад кIанцIана. Гьениб жо ккечIони, нахъеги рачIина тIад руссун магIарухъе. ТIадежоялъеги, рогьояб къей лъарал къохьобераз гIандадерилгун тушманлъи лъазабун буго. Харбал руго гьез бутIрул къотIизе «мустахIикъал» чагIазул сияхIцин бахъун бугилан. БутIрул къотIизе рачIаразул жидерго чанги жо къотIизе бегьила, гьеб батIаго кIудияб масъала гуро. Амма цIодорлъи букIине ккела. Я аскарал къваригIун гьечIо гIандадерие, я полициялъул чагIи къваригIун гьечIо-къваригIун буго ярагъ, бокьарав тушманасе жаваб кьезе кIолеб къадаралда.

Абулеб буго власталъул тIогьир ругел чиновникал халкъалъухъе ярагъ кьезе гIедегIулел гьечIилан гIицIго цо гIиллаялъе гIоло-рагъ лъугIарабго (яги лъугIилелдейищ?!) гьеб жидеде, власталде данде буссинабилин хIинкъун.

ГIандадерица абулеб буго ХIукуматалъул бутIруздехун руссун: хIинкъуге, гьудулзаби, ниж киданиги политикаялде гъорлъе лъугьарал яги лъугьине ракIалда бугел чагIи гуро. Нижер политика гIицIго цо буго-гIагараб росу-ракь ахIичIого вачIарав бокьарав гьоболасдаса ясбер гIадин цIуни.

ГIумахан
ГIАНДИЙСКИЙ,
журналист

ОБЪЯВЛЕНИЕ

о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли»

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Законом Республики Дагестан от 08.12.2015г. № 117 «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан» и подпунктом 2 пункта 20 Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли», утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения «село Гагатли» от 22.07.2019 г. № 4, Собрание депутатов сельского поселения «село Гагатли» объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли».

Организация и проведение конкурса осуществляется конкурсной комиссией, созданной решением Собрания депутатов сельского поселения «село Гагатли» от 22.07.2019 г. № 4 и распоряжением главы МР «Ботлихский район» от 24.07.2019 г. № 63-р.

В соответствии с решением Собрания депутатов сельского поселения «село Гагатли» от 22.07.2019 г. № 4 конкурс состоится 28.08.2019 г. в 10 час. 00 минут по адресу: Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130, здание администрации муниципального района «Ботлихский район», 3 этаж кабинет КСП МР «Ботлихский район».

Место и время представления документов, необходимых для участия в конкурсе, ознакомления кандидатов с нормативными документами и получения бланков документов установленного образца: 368970, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130, здание администрации муниципального района «Ботлихский район», 2 этаж, кабинет руководителя аппарата администрации муниципального района «Ботлихский район», в рабочие дни (понедельник-пятница) с 09 ч. 00 м. до 12 ч. 00 м. и с 13 ч. 00 м. до 16 ч. 00 м.

Срок представления документов устанавливается с 29.07.2019 г. по 22.08. 2019г.

Дополнительную информацию о конкурсе можно получить по **телефону: 8(87271) 22329.**

Условия проведения конкурса, процедура проведения конкурса и приложения из Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли»

Условия проведения конкурса

Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет.

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории сельского поселения «село Гагатли» (далее – сельское поселение), имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1 к Положению о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли», утвержденному решением Собрания депутатов сельского поселения «село Гагатли» от 25.08.2015 г. № 7, (далее - Положение).

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) К заявлению прилагаются:

копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к Положению.

4) согласие на обработку персональных данных согласно приложению 3 к Положению.

Указанные документы кандидаты обязаны представить лично. Документы могут быть представлены по просьбе кандидата иными лицами в случаях, если кандидат болен, содержится в местах содержания под стражей, подозреваемых и обвиняемых (при этом подлинность подписи кандидата на документах в письменной форме должна быть удостоверена нотариально, либо администрацией стационарного лечебно-профилактического учреждения, в котором кандидат находится на излечении, администрацией учреждения, в котором содержатся под стражей подозреваемые и обвиняемые).

Заявление и прилагаемые к нему документы принимаются конкурсной комиссией при предъявлении паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина (если в соответствии с пунктом 27 Положения уведомление осуществляется другим лицом, – при предъявлении нотариально удостоверенной копии паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, удостоверяющего личность кандидата). Копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, заверяется подписью лица, принявшего заявление, и прилагается к заявлению.

Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов незамедлительно после их представления с указанием даты и времени их приема по форме согласно приложению 4 к Положению.

По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

Прием документов для участия в конкурсе осуществляется в установленные сроки.

Сведения, представленные гражданином для участия в конкурсе, по решению конкурсной комиссии подлежат проверке в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

На основании представленных документов конкурсная комиссия принимает решение о допуске гражданина либо об отказе в допуске к участию в конкурсе.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Гагатли»

Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств:

1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права;

2) непредставление в конкурсную комиссию перечня документов, предусмотренных Положением;

3) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований Положения;

4) отсутствие каких-либо сведений, предусмотренных подпунктом 3 пункта 26 Положения;

5) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с Положением.

6) наличие в отношении гражданина Российской Федерации вступившего в силу решения суда о лишении его права занимать муниципальные должности в течение определенного срока, если конкурс состоится до истечения указанного срока;

7) прекращения гражданства Российской Федерации, прекращения гражданства иностранного государства – участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования, приобретения им гражданства иностранного государства либо получения им вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, не являющегося участником международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым гражданин Российской Федерации, имеющий гражданство иностранного государства, имеет право избираться главой муниципального образования;

8) наличия гражданства иностранного государства (иностранных государств), за исключением случаев, когда кандидат на должность главы сельского поселения является гражданином иностранного государства – участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования;

9) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

10) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполных сведений, предусмотренных подпунктом 3 пункта 26 Положения.

К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости;

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости;

4) осужденные за совершение преступлений экстремистской направленности, предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунктов 2 и 3 настоящего пункта;

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказанию;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда.

Гражданин Российской Федерации, отрешенный от должности главы сельского поселения Главой Республики Дагестан, не допускается к участию в конкурсе, назначенном в связи с указанными обстоятельствами.

Если деяние, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом не признается тяжким или особо тяжким преступлением, действие ограничений, предусмотренных пунктами подпунктов 2 и 3 пункта 36 Положения, прекращается со дня вступления в силу этого уголовного закона.

Если тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается особо тяжким преступлением или если особо тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается тяжким преступлением, ограничения, предусмотренные подпунктами 2 и 3 пункта 36 Положения, действуют до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости.

Список граждан, допущенных к участию в конкурсе, утверждается решением конкурсной комиссии на заседании конкурсной комиссии.

Конкурсная комиссия уведомляет в письменной форме о принятом решении граждан, не допущенных к участию в конкурсе, с указанием причин отказа в допуске к участию в конкурсе, в срок не позднее 5 рабочих дней со дня принятия решения.

Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

Процедура проведения конкурса

Конкурс проводится, если на участие в конкурсе поданы документы не менее двух кандидатов. В противном случае конкурс признается несостоявшимся.

Кандидат вправе представить в конкурсную комиссию письменное заявление об отказе от участия в конкурсе. С момента поступления указанного заявления в конкурсную комиссию кандидат считается снявшим свою кандидатуру.

Конкурс проводится в два этапа.

На первом этапе конкурсная комиссия проводит проверку достоверности сведений, представленных кандидатами, а также проверку соответствия кандидатов установленным требованиям, на основании представленных ими документов, а также информации, представленной правоохранительными органами, иными государственными органами, органами местного самоуправления и их должностными лицами. Изучение указанных документов и информации осуществляется в отсутствие кандидатов.

По итогам первого этапа конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о признании первого этапа конкурса состоявшимся с утверждением кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса;

2) о признании конкурса несостоявшимся в следующих случаях:

наличия одного кандидата;

признания всех кандидатов несоответствующими установленным требованиям;

подачи всеми кандидатами заявлений об отказе от участия в конкурсе.

Конкурсная комиссия уведомляет о принятом решении кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, а также кандидатов, не допущенных к участию во втором этапе конкурса, с указанием причин отказа в допуске к участию во втором этапе конкурса.

Второй этап конкурса проводится не позднее 15 дней со дня окончания приема документов.

На втором этапе конкурса комиссия проводит оценку профессиональных и личностных качеств кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, их умений, знаний, навыков на основании представленных документов и по результатам конкурсных испытаний.

При проведении конкурса могут использоваться не противоречащие федеральным законам и другим нормативным правовым актам Российской Федерации и Республики Дагестан методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидатов, включая:

1) индивидуальное собеседование;

2) анкетирование;

3) проведение групповых дискуссий;

4) тестирование;

5) устное или письменное изложение своих предложений, программы развития сельского поселения в рамках полномочий главы сельского поселения;

6) иные методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидата.

При оценке кандидатов конкурсная комиссия исходит из:

наличия у кандидатов программ развития сельского поселения;

наличия у кандидатов соответствующего уровня образования, профессиональных навыков и опыта работы, необходимых для исполнения полномочий главы сельского поселения;

профессиональных и личностных качеств каждого из кандидатов.

Неявка кандидата в установленное время для участия во втором этапе конкурса считается отказом от участия в конкурсе.

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Редактор
ГI. ГI.ГIумаханов

Жавабияв секретарь
М-Р. ГъазимухIамадов

Отделалъул редактор
П. Дибирова

Мухбир
М. ГIумаханова

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Индекс: 368970
Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

Телефонал:
Редакторасул 2-20-53
ГIаммаб 2-20-37

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-Iясул къватI, 61
Тираж -600
Индекс-51 349
Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде кьуна I6.00 хамиз къоялъ
Газета кьабуна 20.00

Заказ № _____

Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторазе.

ЧАДИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪИССА

Рукъалъул нуцIа жаниса рахан батана, кигIан буханиги, эбелилан ахIданиги гьеб рагьичIо. Дир ракI жаниб бакI гIоларого кIетIезе лъугьана. Цо параялъ, гордоялъул цIерги бекун жанахIалъуве жанив лъугьиндал дун цIорон хутIана… бусада регаралъурго, ясалда кьвалги бан хун ругоан эбелги ящги. Гьезул къаркъалаялдаса махI чIвалеб ва гьурмазул кьер хисун гьечIеблъиялдасаги бихьулеб букIана гьел гьал ахириял къоязда хун рукIин…

БагIаразул рагъухъабиги цадахъ лъугьун, станицалъулазул гьеб къоялъ гIемерчи вукъана, гIемерисел гьел рукIана ракъун хварал гIисинлъималги херал чагIиги.

Революционераз ккурал асиразда гьоркьов гъов дидаса хазина босарав михъич ватидал, гьев цIукIаясул виххи вихьизеаниш нужеда. Дун аскIове вачIаравго гьес дир хазина тIад буссинабуна ва жакъаги дица гьеб эбел-эмен ракIалде щвеялъе яс бер гIадин цIунун буго.

Гьелдаса хадув дун революциялъул кьерилазулъе лъугьана. Революцияги бахъана, социализмаги гIуцIцIана, гIассиял фашисталги чIинтIизаруна… ВатIаналъе гIоло гIетIги тIуна, биги тIуна, тIаде ккараб къо ракъунги, къвечонги хIехьана. Цого чед гIезабулезул кьерилазулъеги лъугьун хIалтIана. Чадица гIорцIараб гIумру гIадамазул букIиналъе гIоло агрономасул лъайги босун, жакъа херлъараб къоялъги къо хIехьон хIалтIулев вуго дун чед гIезабиялда тIад. Нужеца кваналеб чед столалде бачIинегIан чам чияс гьелъие хъулухъ гьабулеб лъалиш нужеда? Векьарухъанас, шоферзабаз, хъаравулзабаз, комбайнераз, элеваторщиказ, гьабигьаназ, чед бежулез, богогьабаз, ричарухъабаз ва гь. ц…

Араб ракIалде щун херасул гьурмаде пашманлъиялъул гIаламат рештIана, беразда жаниб кунчIизе лъугьана магIил гарал. КIаркьадаса рехе гьел магIил гарал гирун ине лъугьиндал, хIалтIуца согI гьарурал, рукIкIалабаз цIурал квераз гьел рацIунаго абуна: «дир лъимал, нужеца нахъе рехараб гьагъаб чед дир эбелалъе ва яцалъе гъоб заманалъ щун букIараб ани, гьел чIаго хутIизеги бегьилаан. Чадил къимат гьабе, дир лъимал, гьеб- нилъер гIумру бугин…»

Ниж киналго херасул харбихъги гIенеккун, пашманго гьесухъги ралагьун хутIана…

2

Гьелдаса нахъе ана лъагIелги кIиго моцIги. БукIана 1969 соналъул сентябралъул ахир. ТIаде щолеб букIана дун армиялдаса демобилизовать гьабизе заман. Бугониги гьаб нухалъги ккана нижер рота учениялъ доб Яворалъул полигоналде. Гьениб хIалбихьулеб букIана балъгояб къуватаб ярагъ. Карпаталъул мугIруздаса полигоналдехун унел киналниги свери къоноялда ругел нухаздаса, гIадамал хьвадизе гьукъиялъе гIоло, 40-50км рикIкIад лъун рукIана отцепление (постал).

Карпаталъул мугIрузул ахада, рохьоб жаниб нухал рикьулеб бакIалда палаткаги лъун дунги гIолохъанав солдат Володяги хъаравуллъиялда чIун рукIана. Ункъго сордо къоялъ чIезе кколаан ниж гьенир. Гьоркьо-гьоркьоб цIад балеб букIиналъ лъаларо, цо инсан гьенисанги вачIинчIого рахIаталда рукIана ниж. Амма нижер гьеб рахIат хвезабун букIана цадахъ квен гьечIолъиялъ. Кьураб квенги цадахъ вугес дица босун батилин, ниж щвезаризе бачIараб БТРалда тIад тун батана.

ТIасияб къоялъго Володя вакъун вугилан тIинтIидизе лъугьиндал, дида бичIана гьев бабал вас вукIин. Рохь свераниги гьенибги гIинтIиги ва рохьипихъги тараб жо батичIо…

Нижерго гIи-боцIуда хадув мугIруздаги, гIалахаздаги, вакъунги, къечонги ва хирияб моцIалъ кIал кколев вукIиналъги, лъимерлъиялдасаго ругьунав дие гьеб гьедигIан гIадахъ босизе жо букIинчIо. ГIинтIиги, рухьипихъги кванан ва лъимги гьекъон лъабабилеб къо букIана нижер. Вакъиялъ чехь бухIула бугилан тIинтIидулесев чIолев солдатги вукIинчIо…

- Гьаб нухдаса цониги чиясгIаги вачIунарев вихьулариш,-ян абуна нухда беральги лъун вугев Володяца,-тIаде жоялъе аскIоса гIебеде я кули, я росу гьечIо чед гьаризе инзе.

Къасиялдехун Володял чорхол хIал цIакъго хисана, кванараб щинаб жо лагIизе лъугьана. Киве инев, щиб дарман гьасие гьабилеб лъаларого дунги вукIана. АскIоса гIебеде росуги гьечIо, бендеразул росабалъе инзе нижееги гьукъараб букIана, гьезие тушманзаби ругила советиял солдаталилан лъазабун букIана нижеда командованиялъ.

Володяца унтиялъ гьеб сордо лъелъ лъурав гIадин, ТIадегIанасде гурхIайилан гьардолаго зигардулаго бана.

Радалиса дица гьесие гIинтIидул чайги гьализабун, гьеб гьекъезе кьуралдаса гьев цо дагьав лъикI лъугьиндал кьижун ккана. ГIемер заман гьоркьоб инчIого макьидаса тIуркIарав гьев тIаде вахъана.

-Салман, гьаб унти диде речIаралдаса нахъе, дие рахIат толеб гьечIо, араб соналъ цо херасулгун ккараб лъугьабахъин цебе бачIиналъ,-янги абун гьев пашманго гIенеккун чIана.

-Унтарав чияс хIажат гьечIел пикраби гьаруни, гьелъ нилъер ракI лъукъи гуреб жо гьабуларо,-ян ракI батизабулев дунги вукIана.

-Соналдаса нахъе кинго дир пикрабалъанги, берда цевесаги унев гьечIо гьев херав, тIадежоялъе жакъа макьилъцин цеве вачIана дица цебего нахъе рехараб чедги босун.

- Кинав херав?.. Киб букIараб чедги босун,-ян абуна щибго бичIинчIев дица.

-Араб соналъ дирго гIелалъул гIолохъабигун цадахъ Киевалде тира-сверизе унел ниж, рагъул гIахьалчигун цадахъ поездалъул цо купеялъур ккана. Нижеца чадица стол, нус бацIунеб ва хутIараб гьеб чед гордухъа къватIибе рехулеб бихьидал, гьев цIакъ рихун нижеда семана. ВатIан цIунулаго ва чед гIезабулаго щварал гьал шапакъатаз цIураб жиндир кителги, живги поездалъул гордухъан къватIив рехеян тIирун чIун вукIана. Гьесул рахъ кколев гьенив цо кIиго солдатги рукIана. Дун абуни, бегIеко гIадин, цадахъ ругезда цебесаги жоги жаваб гьезие кьола вукIана… ГIолохъанлъиялда ургъичIого, нилъеца чIамгIаллъиялда гьабураб гъалатI, хадуб хIажалъи ккедал цебе тIамулеб буго ва гьелъ ракIги лъукъулеб буго.. Гъоб сордоялъ нижеца нахъе рехараб кунеб жо, жакъа гьаниб букIараб аниян ракIалде кколеб буго, гьеб кинаб къагIидаялъ, хъублъун батаниги, дица кваналанилан…

Володяца бицараб цо параялъ ракIалдеги щун, дица гьесда бицана, гъов херавгун рукIарал солдатал дунги Ж. Бортникги ругилан. Гьеб хIакъикъат бициндал цин Володя дихъ валагьана, хадув нечон гIодовги къулун, кIиго нухалъ такрарги гьабун, тIаса лъугьаян гьарана…

- Дун тIаса лъугьарав вуго. Гьанжегlаги бичIун батила дуда чадил къимат, гьеб Аллагьас нилъее кьураб рикъзи букIин. Нужеца дов херасул бекизабураб ракIха, тIаде жоялъе, нужеца гъов тIасаги лъугьинавичIого тана.

- ТIадегIанав, Аллагь, тIаса лъугьа Мун, дир ккараб гъалатIалдаса… Жакъа бокьилаан гьев херав гьанив вачIине, гьесда цеве накабаздаги чIун, гьесул хIатIазда убачал гьарулаго, гьарилаан дица тIаса лъугьаян,- ян абуна пашманлъиялда Володяца.

Къалъудаса хадуб рохьосахун бачIун тIаде швана хIебет тIохда ккураб ГАЗ-69 автомобиль. Дица машина лъалхъинабуна ва гьезда лъазабуна полигоналдехун инзе гьукъараб букIин. Шоферас абуна, жал гьенирехун унел чагIи гурила, гьаб жиндир хъизан бугила, жал базаркъо букIиналъ гIинтIиги, рохьипихъги бакIаризе рохьоре рачIарал чагIи ругила ва гьебги бакIарун гьанже рокъоре тIад руссунел ругила.

Дица шоферасде квине жо гьечIищан цIехон бахъиналде чехьги ккун палаткаялдаса къватIиве лъугьун вачIана тарталаго, гьурмада хвалил кьер рехарав Володя.

-Чед гьечI-и-щ?-ян абуна гьес хIалалъ.

Шофер рокьукъго нижехъги валагьун гIенеккун чIана. Ниж рихьидал рахIат хвараб гьесул хасияталдаса бичIунеб букIана гьев бендерав вукIин. Гьесул чIужу машинаялдаса къватIиеги лъугьун, солдатасде аскIое ана ва гьесул бугеб хIал бихьидал абуна: «бедненький мой, щиб дуе ккараб? Чедищ? Нижеца кванан хутIарал кускал руго… гьабсагIат босила, дун гIурусай йиго, дида божизе бегьула»-ян.

ЧIужугIаданалъ машинаялдасаги босун, явлухъалда жаниб бухьараб кваникъай ричIун Володяда цебе лъуна. Журагъурарал гьеб кваникъаялда букIана цо чамго мичIаби чадилги, батIи-батIиял цIамулъелъ лъурал овощазул кванан хутIалги ва гь.ц.

- Нижеца кванан хутIараб гьаб, боцIуе рокъобе босизе данде бакIарун букIана. Биччун бугониги хъубаб гьечIо, гьаб кваназе бегьула,- ян хIеренлъиялда абуна гIурусалъ …

ГIурусалъе баркалаги кьун, Володяца хъаштIан босана гьеб кваникъай ва машина нахъе индал, унтиги кIочон тун, Володяца холедухъ кванана гьел гIатI гIадин риччарал чадил мичIаби…

Кванан вахъиндал Володяца хIеренлъиялда абуна: «Дир гьари ТIадегIанас къабул гьабуна… Абадиябррецц буго гьесие!»-ян

Хъвазе байбихьана армиялда дица хъулухъ гьабулелъул, учениялдаса тIад вуссаравго, Украиналъул шагьар Тульчинаялда бугеб 16101 рагъулаб часталда 1969 соналъул 12 октябралда.

Хъван лъугIана Шодрода росулъ 1970 соналъул 8 январалъ.

Гьаб хабар бахъизе дица кьун букIана Болъихъ районалъул «Коммунизмалде нух» газеталде. БахъичIо. Газеталъ гьадинаб жаваб бачIана: «Газеталда рахъуларо халат хъварал харбал. Дуца хабаралда рихьизарун руго Советиял гIолилал адаб, хIурмат гьечIеллъун ва Украиналъул бакъ тIерхьуда гIумру гьабун ругел Советиял гражданинал бендералиланги абун, божи гьечIеллъун. Гьединго дуца бихьизабун буго: мунго мугIрузда гIурав вукIиналъги, кIал кколев вукIиналъги вакъун къо хIехьезе кIолевлъун ва ТIадегIанасул хIалкIолъи букIинги.

ВацIлъиялъул-улка ССРалъул законалда гьеб дуца хъвахъе данде кколаро»…

«Коммунизмалде нух» газеталъул редколлегия 17 март 1970с.

2014 соналъ Болъихъ №1 СОШалъ Бурагьанов МухIамадхIабиб АхIмаднабиевичасул цIаралда кьураб аттестат 00518000233161 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**